



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ASIRE SEKIRITE PLAN RETRÈT POU ANPLWAYE SEKTÈ PRIVE YO

Lejislasyon (S.5395-A/A.3213-A) egzije anplwayè yo nan sektè prive a pou otomatikman enskri anplwaye yo nan plan epay Secure Choice Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou asire opsyon plan retrèt pou anplwaye yo nan sektè prive a. Egzije anplwayè yo nan sektè prive a ki pa bay anplwaye yo yon plan retrèt, pou otomatikman enskri anplwaye yo nan Plan Epay Secure Choice Eta New York la ki ankouraje epay retrèt nan yon fason ki konvenab, bon mache ak transferab. Anpwlaye yo kapab kite pwogram nan nenpòt kilè.

"Yon pati nan garanti estabilite finansye Nouyòkè yo se garanti yo genyen yon plan retrèt fyab", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lejislasyon sa a pèmèt tout travayè yo gen yon sans soulajman ak sekirite lè sa gen pou wè ak retrè".

Etabli an 2015 pa "Lwa Pwogram Epay Secure Choice Eta New York" la, plan epay Secure Choice la se yon pwogram epay retrèt oto-sifizan sou fòm yon dediksyon IRA nan peman salè pou enskripsyon otomatik. Pwogram lan ap sipèvize pa Konsèy Epay Secure Choice Eta New York la, ki gen nèf manm ki nonmen. Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) pral sipèvize devlopman ak aplikasyon pwogram lan jan konsèy la twouve li bon.

Senatè Diane Savino te deklare, "Gen plizyè milyon Nouyòkè ki pa gen retrèt garanti sa a men ki p ap konsa ankò epi mwen aplodi Gouvènè Hochul dèské li te siyen Pwogram Epay Secure Choice Eta New York elají a. Tout moun panse lè yo gen 22 oswa 23 ane ke yo p ap gen 52 oswa 53 ane, yo toujou panse yo gen tan pou ekonomize pou retrèt. Secure Choice pral bay anplwaye sektè prive yo yon veyikil otomatik, transferab pou epay retrèt ki pral ede asire sekirite revni nan retrè".

Manm Asanble Robert Rodriguez te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèské li fè plan epay Secure Choice la tounen yon reyalite. Gen Plan Epay Secure Choice la ki disponib pou tout moun ap otomatikman ede mete fen nan disparate nan kapasite Nouyòkè yo pou epaye pou retrèt, ki vize ede Nouyòkè k ap travay yo prepare pou avni yo - epi ba yo konfyans nan konnen yo kapab chwazi kijan y ap viv pandan y ap vyeyi avèk plis sekirite finansye. Jodi a make yon jou monimantal

ak viktorye pou avni Nouyòkè yo ki travay di. Sa pa t ap ka posib san èd patnè mwen yo Senatè Diane Savino ak AARP".

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare, "Gouvènè Hochul ap kapasite plizyè milyon Nouyòkè pou ekonomize pou yon retrèt ki garanti finansyèman ak endepandan - pandan I ap bay ti biznis yo yon fason efikas pou atire ak kenbe anplwaye yo. AARP aplodi Gouvènè a dèské li siyen pwojè lwa sa ki tounen lwa, epi nou remèsye li pou sipò li avèk Secure Choice depi anvan pwomilgasyon li an 2018. Nou remèsye tou esponnsò pwojè lwa a yo, Senatè Diane Savino ak Manm Asanble Robert Rodriguez, pou travay san pran souf yo pou kreye pwogram sa a nan entwodui lejislasyon orijinal la epi pwojè lwa sa a kounye a ki se yon lwa - epi nan ede gide toude atravè pwosesis lejislatif la".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)